ҚАЗАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ БІЛІМ ЖӘНЕ ҒЫЛЫМ МИНИСТРЛІГІ
ТАРАЗ МЕМЛЕКЕТТІК ПЕДАГОГИКАЛЫҚ УНИВЕРСИТЕТІ

USTAZ ÝNIVERSITETI
TARSPU

ISSN 2306-8167

# ХАБАРШЫ

Ғылыми-педагогикалық журнал

# ВЕСТНИК

Научно-педагогический журнал

# BULLETIN

Scientific pedagogical journal



№2 (42)
2020

**ҚАЗАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ БІЛІМ ЖӘНЕ ҒЫЛЫМ МИНИСТРЛІГІ**
**ТАРАЗ МЕМЛЕКЕТТІК ПЕДАГОГИКАЛЫҚ УНИВЕРСИТЕТІ**

# ТАРАЗ МЕМЛЕКЕТТІК ПЕДАГОГИКАЛЫҚ УНИВЕРСИТЕТІНІҢ ХАБАРШЫСЫ

# ВЕСТНИК ТАРАЗСКОГО ГОСУДАРСТВЕННОГО ПЕДАГОГИЧЕСКОГО УНИВЕРСИТЕТА

# BULLETIN OF THE TARAZ STATE PEDAGOGICAL UNIVERSITY

**№2 (42)**

**2020**

*Қазақстан Республикасы мәдениет, ақпарат және спорт министрлігі*
*Ақпарат және мұрағат комитеті, Бұқаралық ақпарат құралын есепке қою туралы*
Куәлік №5763-Ж (алғашқы тіркелген уақыты 23.02.2005 ж. №5763-Ж. Астана қ.)

**ҚАЗАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ ҰЛТТЫҚ МЕМЛЕКЕТТІК КІТАП ПАЛАТАСЫ ISSN ҰЛТТЫҚ ОРТАЛЫҒЫ**

**С Е Р Т И Ф И К А Т**

**Юнеско, Франция, Париж қ. сериялық басылымдарды тіркейтін ISSN халықаралық орталығында тіркеліп, халықаралық нөмер берілген (22.01.2013ж.)**

**ISSN 2306 – 8167**
**Халықаралық стандарт ИСО 3297 – 98 «Ақпараттау және құжаттау (ISSN) сериялы басылымның халықаралық стандартты номері», мемлекетаралық стандарт ГОСТ 7.56-2002 «Сериялы басылымдардың халықаралық стандарттау номері»**

*Журнал гуманитарлық ғылымдар: тарих, (отан, жалпы), философия, саясаттану, әлеуметтану, дінтану, мәдениеттану, этномәдениеттану, құқықтану, экономика, педагогика, этнопедагогика, психология, дефектология; филология (тіл және әдебиет): қазақ, орыс, шет тілдері; жаратылыстану ғылымдары: математика, физика, информатика, география, биология, химия, экология ғылымдар бағыты бойынша өзекті тақырыптардағы мақалаларды жариялайды.*

*Журнал Қазақстан Республикасында жоғары педагогикалық білім беруді жаңғырту жағдайында жаңа мамандар дайындау және тәрбиелеуде ескіні өзгертіп, жаңа формаларды жасауға бағытталған.*


| ***Редакция алқасы*** | |
|---|---|
| Әмірбекұлы Е. | экономика ғылымдарының докторы, профессор, (бас редактор), ТарМПУ ректоры |
| Бейсен Н.А. | ф.-м.ғ.к., профессор, ТарМПУ |
| Энвер Капаган | PhD, Карабюк университеті, Түрік Республикасы |
| Сийка Чавдарова-Костова | PhD, профессор, София университеті, Болгария Республикасы |
| Скоробогатова Н.В. | психология ғылымдарының кандидаты, доцент, ФГБОУ ВО "Шадринск мемлекеттік педагогикалық университеті", Ресей Федерациясы |
| Филютина Т.Н. | педагогика ғылымдарының кандидаты, профессор, ФГБОУ ВО "Шадринск мемлекеттік педагогикалық университеті", Ресей Федерациясы |
| Бұзаубақова К.Ж. | педагогика ғылымдарының докторы, ТарМПУ |
| Мұратбеков М.Б. | физика-математика ғылымдарының докторы, профессор, ТарМПУ |
| Төлеубаев Ж.С. | ауылшаруашылығы ғылымдарының докторы, профессор, ТарМПУ |
| Абдыкадырова Т.Р. | педагогика ғылымдарының докторы, профессор, ТарМПУ |
| Тұрарова А.Н. | филология ғылымдарының кандидаты, доцент, ТарМПУ |
| Шуканов А.Г. | филология ғылымдарының кандидаты, профессор, ТарМПУ |
| Токбергенова З.С. | тарих ғылымдарының кандидаты, доцент, ТарМПУ |
| Исабекова Г.Б. | PhD, доцент, ТарМПУ |
| Егембердиева С.Ш. | ф.м.ғ.к., доцент |
| Абдрахман Г.К. | филология ғылымдарының кандидаты, доцент, ТарМПУ |
| Таубаева Р.С. | PhD, доцент, ТарМПУ |
| Игисинов С. | PhD,ТарМПУ |
| Турдалиева Ш.Т. | психология ғылымдарының кандидаты, ТарМПУ |
| Гизатуллина Г.А. | философия ғылымдарының кандидаты, ТарМПУ |


**Ғылыми басылым**
**ТарМПУ ХАБАРШЫСЫ**
**Жылына 4 рет жарыққа шығады**
Тараз мемлекеттік педагогикалық университеті, ғылыми-педагогикалық журнал, 2020

УДК. 23-24; (112)-2020

# КОМПОЗИТОР, МЕЛОДИСТ АҢСАТБАЙ ҚАЙРАТДИНОВТЫҢ ӨМИРИ ҲӘМ ДӨРЕТИЎШИЛИК ЖОЛЫ (1933 – 1986ж.ж.)

**Алланазаров Д. (https://orcid.org/0000-0001-8614-9874)**
**Әжинияз атындағы Нөкис педагогикалық институты, «Музыкалық тәлим» кафедрасы доценти**

*Аңдатпа Аңсатбай Қайратдиновтің жұмысының ізбасарлары көп. Студенттерді іріктеуде де, оқытуда да дарындылыққа, жоғары мәдениетке және адами қасиеттерге көп көңіл бөлді. Оның ақындарының қатарында Мойнақлы Қазақбай, Қанлықөлші Кеңесбай бақсылар, сазгерлер Сәлменбай Садықов, Жалғасбай Есболғанов, белгілі әншілер Кеңесбай Ниетуллаев, Тұрсынбай Палымбетов, әйелдер әншілері Бибираба Өтепбергенова, Ида Рафикова және басқалар.*
*Түйінді сөздер: Ән, қобыз, жырау, дутар, халық әндері, әнші, әуезді сазгер*
*Аннотация Творчество Ансатбая Кайратдинова имеет много последователей. Он уделял большое внимание таланту, высокой культуре и человеческим качествам как при отборе, так и при обучении учеников. Среди его поэтов - Мойнаклы Казакбай баксы, Канлыкольши Кенесбай баксы, композиторымелодисты Салменбай Садыков, Жалгасбай Есболганов, известные певцы Кенесбай Ниетуллаев, Турсынбай Палымбетов, среди женщин певицы Бибираба Утепбергенова и Ида Рафикова и другие.*
*Ключевые слова: Песня, кобыз, жырау, дутар, народные песни, певец, композитор-мелодист*
*Annotation The work of Ansatbay Kairatdinov has many followers. He paid great attention to talent, high culture and human qualities both in the selection and training of students. Among his poets are Moynakly Kazakbai bucks, Kanlykolshi Kenesbay bucks, composers melodists Salmenbay Sadykov, Zhalgasbay Esbolganov, famous singers Kenesbay Nietullaev, Tursynbay Palymbetov, women singers Bibirab Utepberova and Ida Rafikova and others.*
*Keywords: Song, kobyz, jirau, dutar, folk songs, singer, melodic composer*

Аңсатбай Қайратдинов халық қосықларын, сазларын, дәстанларын шебер атқарған, халық арасында бақсышылық өнерин пропагандалап барған ҳәм дөретиўшилик жолында өмиринше мийнет етип әлўан түрли қосықлар жаратып миллий музыкамызды байытып кеткен мелодист композитор.

Аңсатбай Қайратдинов 1933-жылы Шымбай районының Усман Юсупов атындағы совхозында атақлы Қыяс жыраўдың шаңарағында дүньяға келеди. Аңсатбай ағаның биринши устазы өзиниң әкеси болады ҳәм биринши үйренген саз әспабы да қобыз болады. Қобызды жақсы меңгерип, дәстанларды үйренгеннен кейин әкесиниң қасында жанапайшы айтып та жүрген. Бирақ саңынан дуўтарға мейил берип, оны үйренип алғаннан кейин, жыраўшылық өнеринен көре бақсышылық өнери ықласын тарта баслайды. Енди жатса да – турса да шертетуғыны дуўтар болып, айтатуғыны халық қосықлары болады. Мектеплерде ҳәўескерлер дөгерегине қатнасып сол дәўирдеги заманагөй қосықларды да айтып үйренеди [1.Б.134].

Қарақалпақстанның пайтахты Нөкиске көшип келгеннен кейин Аңсатбай Қайратдинов Нөкистеги «Пушкин» атындағы орта мектепте ҳәм соның менен бирге «Глиэр» атындағы балалар музыка мектебинде оқып билим алады. Пайтахтқа келген атақлы жыраў-бақсылар, сазенделер Қыяс жыраўды көрмей кетпейтуғын еди. Олардан: Өгиз жыраў, Қурбанбай, Есемурат, Өтенияз, Жанназар, Ерполат жыраўлар, бақсылардан Есжан бақсы, Жуман, Жапақ, Айтжан Хожалепесов, Ибрайым Патуллаев, Қурбанияз

бақсы, сазенде Бегжан Айтназаров ҳәм тағы да басқалар. Булардың барлығынан Аңсатбай Қайратдинов өрнек алды. Әсиресе Есжан Қосполатов ҳәм Айтжан Хожалепесовлар менен қоңсы болды ҳәм оларға шәкирт болып изине ерди.

Олардан бақсылар айтатуғын көп ғана дәстанларды ядлап алды. Атап айтқанда «Ғарип ашық», «Саятхан-Ҳәмра», «Юсуп-Ахмет», «Юсуп-Злайха» дәстанлары,соның менен бирге әкесинен «Қырық-қыз», «Алпамыс», «Қоблан», «Мәс патша» дәстанларын үйрениўди даўам етеди. Солай етип Аңсатбай Қайратдиновтың өзи де белгили бақсы болып жетилиседи.

1950-жылы Шымбайдағы педучилищени питкерип, сол жылы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтына оқыўға түседи. Оны питкергеннен кейин 1960-жылы Нөкис музыка хореография училищесине кирип, халық сазлары бөлимине ғыржек әспабы бойынша оқыўға түседи. Мине булардың барлығы Аңсатбай Қайратдиновқа ҳәр тәреплеме билимли жетик қанийге болып жетилисиўине жол ашыпа береди.

Аңсатбай аға шерек әсирден көбирек ўақыт Қарақалпақ мәмлекетлик радио-еситтириў ҳәм телевидение жанындығы халық сазлары оркестринде сазенде ҳәм солист-қосықшы болып ислейди. Оның бойына питкен таланты - даўсының кеңлиги жағынан да, тембириниң жағымлылығы жағынан да, атқарыўшылық шеберлиги жағынан да, әсиресе ырғақларының миллийлиги жағынан өз алдына жарасықлы еди. Ол - «Адыңнан», «Демир донлы», «Тарлан», «Муўса сен яры», «Қара жорға», «Нама басы» ҳәм тағы да басқа қосық ҳәм сазларды атқарғанда, ҳаўазының бөлентлиги менен сулыў образлар жарататуғын шеберлиги, және де көз тоймас бояўлар менен безендирип отыратуғын қасиетлери - тыңлаўшыны ериксиз өзине тартатуғын еди. Мине усындай өзине жарасқан таланты менен өмиринше халыққа хызмет етти [2.Б.54-55].

Аңсатбай Қайратдиновтың устазлақ жолын айтсақ шәкиртлери оғада көп. Ол шәкирт таңлағанда ҳәм оларды тәрбиялағанда ҳәр тәреплеме талантына, жоқары мәдениятлылығына, инсанийлық пәзийлетлерине қатты дыққат аўдаратуғын болған. Оның бақсы шәкирлеринен Мойнақлы Қазақбай бақсы, Қанлыкөлши Кеңесбай бақсы, бақсы ҳәм мелодист композитор Сәлменбай Садықов, Жалғасбай Есболғанов, белгили қосықшылардан Кеңесбай Ниетуллаев, Турсынбай Палымбетов, қыз қосықшылардан Ида Рафикова, Бийбираба Өтепбергенова, Хансулыў Палўановаларды айтсақ болады. Усы жоқарыда аты көрсетилген бақсы ҳәм қосықшылардың, атқарыўшылық шеберлигклерин - бөлент шыңларғаалып шығыўда Аңсатбай ағаның үлеси үлкен болған.

Аңсатбай Қайратдинов өткен әсирдиң 50-жылларынан баслап халқымызға белгили бақсы ретинде таныlыўы менен бирге мелодист композитор сыпатында да дөретиўшилик өнери менен көзге түсип баслайды. Музыка әлеминиң ҳәр қыйлы жанрларында қәлем тербетип намалар жазып баслайды. Бул қәдемлер бара-бара Аңсатбай ағаны үлкен жетискеншиликлерге жетеклеп балент абырой ҳәм атақларға еристиреди. Мәслен балаларға арнап жазған қосықларын алсақ буларжеңил формада, өспирим жасларға сәйкес диапазонда ҳәм балалар дүньясын тәрийплейтуғын тематикларда жазылғанын көремиз. Олардан «Мектебим», «Сәлем лагерь», «Үйрегим», «Бақшамызды сүемиз», «Ақ қоян», «Парахатшылық кептерлери», «Оқыўшы жастың қосығы», «Мен оқыйман» ҳәм тағы да басқа дөреткен шығармалары бүгинги күни балалардың ең сүйип айтатуғын қосықларына айланған. Бул қосықлар, мәмлекетлик баспасы тәрепинен 1966-жылы өз алдына «Кел ойнайық балалар»деген атамада китап болып шықты. 1982-жылы Қаракалпақстан баспасынан «Қобыз намалары» атлы китабын шығарды, 1986-жылы Қаракалпақстан баспасынан «Жаңла ҳаўаз» атлы китабын шығарды [3.Б.112].

Аңсатбай Қайратдиновтың мелодист композитор сыпатындағы дөретиўшилик жоллары мудамы халық творчествосы менен тығыз байланыста алып барылды. Буған оның творчествосындағы қайталанбас ширели мелодияларының халық қосықлары менен үнлеслиги, олардың миллий ырғақларға бөленген жарасығы, өзиниң көп жыллық халық намаларынан үйренип тапқан оригинал ҳәм шырайлы кашырымлары далиль бола алады.

Аңсатбай Қайратдиновмелодист композитор сыпатында өмир бойы шын ықлас пенен мийнет етип, қаншадан-қанша ҳәр қыйлы тематикаға бағышланған әлўан түрли массалық қосықлар дөретти. Атап айтқанда: «Салы атызларын аралат маған», «Аўылласларым», «Қутлы тойларымызда», «Қаршыға қыяллы», «Қәдирини билмес», «Қараман», «Мақтанышым жеңис бағым», «Сен сең муҳаббатым», «Ана киятыр», «Жағаладым Қызкеткенниң бойларын», «Кеўлимди бердим» ҳәм тағы да басқа дөретпелери, бүгинги атақлы қосықшыларымыздың репертуарларынан кеңнен орын алыпхалқымыз сүйип тыңлайтуғын қосықларына айланған. Олар басқа қосықларға қарағанда бир жағынан заманагөйлиги менен, ал екинши жағынан өзиниң миллийлиги басым тәреплери менен айхын ажыралып турады. Соның ушын да бул қосықлар бәлент ҳәўижли ҳәм ырғақларға бай болғаны ушын, қапырым ҳәм ырғақларды кәмине келтирип атқара алатуғын шеберликти талап етеди [4.Б.138].

Аңсатбай Қайратдинов балар қосықлары ҳәм ҳәр қыйлы тематикадағы массалық қосықлары менен бир қатарда музыкалы драмаға да намалар жазып өзиниң талантын көрсете билди. Ол белгили композитор Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти Әлимжан Халимов пенен биргеликте Реймберген Ешимбетов ҳәм Нурымбет Ешматовлардың «Жайлаўда той» музыкалы драмасына намалар жазып көпшилик халықтың кеўлинен шықты. Бул музыкалы драманың бас қаҳарманы болған Парахаттың «Жигитликте бул қыялға», «Бийқараман», «Даланың еркин кийиги» атлы арийалары азғана ўақыттың ишинде-ақ халық арасында кеңнен таралып, қосықшы жигитлердиң жақсы көрип айтатауғын шығармасына айланғанлығы мәлим.

Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен артист Өтеп Курбанбаевтың, соңын-ала Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен артист Турсынбай Палымбетовтың, Қарақалпақыстан халық артисти Тилепбай Қошқаровтың ҳәм белгили бақсы Жалғас Есболғановлардың атқарыўындағы бул арийалар халқымыздың сүйип тыңлайтуғын қосықлары қатарынан орын алды.

1986 – жылы Аңсатбай Қайратдинов дүньядан өтеди. Оның усындай халық ушын ислеген хызметлери ҳүкиметимиз тәрепинен өз ўақтында жақары баҳаланып оған «Қарақалпакстанға хызмет көрсеткен артист», «Қарақалпакстан халық артисти» атақлары менен сыйлықланды. Оның атын мәңгилестириў ушын Нөкис қаласынан көшениң аты қойылды.

Жуўмақлап айтқанда усындай дөретиўшилик талантқа ийе болған бақсы, сазенде, устаз ҳәм мелодист композитор Аңсатбай Қайратдинов өзиниң өмир жолында қаншадан-қанша әжайып намалар жаратып музыка өнери тараўында өшпес из қалдырды [5].

Биршиден: бақсышылық өнери менен өмиринше халыққа хызмет етип алғысларына ерисип – олардың ықласының төринен орын алған бақсы.

Екиншиден: ата-бабамыздан шынжырма-шынжыр өтип киятырған мирасларымызды даўам ететуғын бир қанша шәкиртлер тәрбиялап уллы из қалдырған ҳүрметли устаз.

Үшиншиден: өзине тән шырайлы, тасиршең, миллий ырғақларға ҳәм жағымлы толғауларға бай бийбаҳа намалар дөретип миллий музыкамызды байытып ҳәм раўажланыў жолларына бағдар берген мелодист композитор.

Төртиншиден: телевидение ҳәм радио еситтириў комитетинде өмириниң ақырына дейин миллий музыкамызды кең жәмиетшиликке пропагандалап барыўда белсене хызмет еткен инсан.[6.Б.78]

**ӘДЕБИЯТЛАР**

1. Т.Адамбаева. «Қарақалпақ музыкасының тарийхынан» 1985.
2. А.Қайратдинов. «Қобыз намалары» Қаракалпақстан баспасы 1986.
3. А.Қайратдинов. «Жаңла ҳаўаз» Қаракалпақстанбаспасы 1982.
4. Д.Алланазаров «Қосық айтсам» ҒафурҒуломбаспасы 2019.
5. «Әмиўдәрья» журналы 1980. № 12.

**Нұрадин Г.Б.** Рухани жаңғыру жаңғырығы: «мінсіз ұрпақ» болмысын жасау стратегиясы ........ 90
**Байтленов С.А., Жаубасов Б.Ж.** Қазақстан Республикасында заң шығармашылық қызметінің кейбір мәселелері мен оларды шешу жолдары ........ 94
**Шолпанқұлова Қ.А.** Қазақ съездерін шақырудағы саяси элитаның рөлі ........ 99
**Жолдыбекова А.Е.** Қазақстан Республикасында шағын кәсіпкерлікті мемлекет тарапынан қолдау ........ 104

## ФИЛОЛОГИЯ
## ТІЛ ЖӘНЕ ӘДЕБИЕТ: ҚАЗАҚ, ОРЫС, ШЕТ ТІЛДЕРІ

**Абдрахман Г.К., Сагынбаева П.А.** Проблемы и перспективы изучения билингвального художественного текста ........ 108
**Абдрахман Г.К., Шарип А.М.** Опыт составления плана урока по русскому языку и литературе ........ 113
**Абдуалиева Ж.Б., Жылгелді Б.Б.** Сайын далаға сән берген сәйгүліктердің әдебиеттегі сыны ........ 120
**Аширмухамедов А.Т.** Типы сложных предложений в китайском языке ........ 126
**Шормақова С.М., Балқыбекова Ә.А.** Бөлтірік шешен есебі және оның көтерген мәселесі ........ 129
**Әбдіқадырова Т.Р., Абылай Ғ.А., Бахбердіқызы Т.** Ахмет Байтұрсынұлының гуманистік сипаты ........ 134
**Әбдіқадырова Т.Р., Әзімхан А.Б., Жолдасова Д.Р.** Жүсіпбек Аймауытұлы шығармашылығындағы парадигмалық көріністер ........ 139
**Әбдіқадырова Т.Р., Қанат К.Б., Асылхан С.Н.** Ұлы даланың жеті қыры ........ 144
**Жанказы А.** Жаңылтпаштар арқылы оқыту, қытай тілі фонетикасындағы тиімді әдіс ........ 149
**Мейірманова Г., Талғат Л., Сейтқасымова А.** Дискурстық жүйедегі сілтеу құралдарының жай және құрмалас сөйлемдердегі қолданысы ........ 153
**Мейірманова Г., Рахымбай А., Жақсылық Ж.** Сілтеу құралдарының тіл білімінде зерттелуі ........ 160
**Шормақова С.М., Нұридин А.Е.** Қазақтың байырғы көне есептеріндегі ұлы дала құндылықтары ........ 168
**Өмірзақова Ә.Қ., Әбдықадырова Т.Р.** Қазақ ертегілерінің поэтикасы ........ 172
**Исматова С.М.** ТАРМПУ рухани жаңғыру аясында ........ 175
**Кенжекулова Ф.К.** Тіл бірліктері арасындағы жүйелік қатынастар ........ 179
**Кенжекулова Ф.К.** Тіл білімінде сөйлемді коммуникативті аспектіде қарастырудың ерекшеліктері ........ 183
**Шаханова Э.А.** Тағылым туралы ой толғаған шешендер ........ 187
**Шаханова Э.А.** Ақындар айтысының көркемдік ерекшелігі ........ 193

## ШЫҒАРМАШЫЛЫҚ МАМАНДЫҚТАР

**Djumabaeva E.** The importance of using videos and movies in teaching classes ........ 199
**Djumabaeva A.** The methods of teaching foreign language ........ 201
**Утепбергенов А.** Талантлы актриса - сахналастырыўшы режиссёр ........ 204
**Айтаков Т.** Балалар музыка қанийгелестириген мектебинде музыка көркем-өнериниң тәрбиялық әҳмийети ........ 206
**Алланов А.** Материаллық мәдений мийрас руўхый байлық сыпатында ........ 208
**Алланазаров Д.** Композитор, мелодист Аңсатбай Қайратдиновтың өмири ҳәм дөретиўшилик жолы (1933 – 1986ж.ж.) ........ 213

# ТАРАЗ МЕМЛЕКЕТТІК ПЕДАГОГИКАЛЫҚ УНИВЕРСИТЕТІНІҢ ХАБАРШЫСЫ

# ВЕСТНИК ТАРАЗСКОГО ГОСУДАРСТВЕННОГО ПЕДАГОГИЧЕСКОГО УНИВЕРСИТЕТА

# BULLETIN OF THE TARAZ STATE PEDAGOGICAL UNIVERSITY

**№2 (42)**

**2020**

**Редактор:** **Султаналиева А.А.**

**Техникалық редактор:** **Абдрасилов А.И.**

**Мұқаба дизайны:** **Саменов М.**

Баспа кітаптың ішкі мазмұнына жауап бермейді.
Автордың дайын файлынан алынған.

Басуға 22.06.2020 жылы қол қойылды.
Пішімі 210 х 297, 1/16. Офистік қағаз.
Есепті беті 21,7; Шартты беті 13,06
Таралымы 300 дана. Тапсырыс №140

Подписано в печать 22.06.2020 г.
Формат 210 х 297 1/16. Бумага офисная.
Уч. изд.л. 21,7; Усл.п.л.13,06
Тираж 300 экз. Заказ №140

ТарМПУ, Редакциялық баспа бөлімі
080000, Тараз қ, Төле би 62

ISSN 2306-8167

ТарМПУ, Редакциялық баспа бөлімі
080000, Тараз қ., Төле би к., 62